**दिन—गुरूवार** **दिनांक—10.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय सोलह अप्रील कऽ वक्फ संशोधन अधिनियम दू हजार पच्चीसक संवैधानिक वैधता के चुनौती देबऽवला याचिका सभ पर सुनवाई करत। प्रधान न्यायाधीश न्यायमूर्ति संजीव खन्ना, न्यायमूर्ति संजय कुमार आ न्यायमूर्ति के.वी विश्वनाथनक पीठ एहि मामिलाक सुनवाई करत।

---

प्रधानमंत्री मुद्रा योजनाक अंतर्गत बिहार मे पछिला दस वर्ष मे उनतीस लाख सँ बेसी खाता खोलल गेल अछि। आकाशवाणी समाचार सँ विशेष बातचीत मे भारतीय स्टेट बैंक पटनाक प्रधान कार्यालयक मुख्य प्रबंधक अरूण कुमार जनौलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत प्रदेश मे बाईस हजार करोड़ सँ बेसीक राशि लोनक माध्यमे वितरित कयल गेल अछि ओ जनौलनि जे एहि योजना सँ प्रदेश मे चारि करोड़ सँ बेसी महिला उद्यमी ऋण प्राप्त कयलनि।

---

उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे बेगूसराय मे राष्ट्रकवि रामधारी सिंह दिनकर के नाम पर विश्वविद्यालयक स्थापना कयल जायत। आइ पटना मे दिनकर शोध संस्थान द्वारा आयोजित एक कार्यक्रम मे उप मुख्यमंत्री ई घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे एहि लेल ओ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ शीघ्रहि गप्प करताह।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता अश्विनी चौबे कहलनि जे हुनक व्यक्तिगत इच्छा मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के उप प्रधानमंत्री बनेबाक अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे

श्री चौबे कहलनि जे नीतीश कुमार दीर्घकाल धरि एनडीएक संयोजक रहल छथि आ एखन ओ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी संग कंधा सँ कंधा मिलाकऽ चलि रहल छथि।

———————————————————————————

कांग्रेस नेता कन्हैया कुमार के पलायन रोको–नौकरी दो पद यात्रा आइ पटना पहुँचल। एहि यात्राक काल्हि समापन होयत। प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे काल्हि पद यात्रा करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कऽ हुनका मांग पत्र सौपबाक प्रयास कयल जायत।

———————————————————————————

नीट यूजी पेपर लीक मामिला मे फरार चलि रहल परीक्षा माफिया संजीव मुखिया पर राज्य सरकार तीन लाख टाकाक ईनामक घोषणा कयलक अछि। आर्थिक अपराध इकाईक आधिकारीक सूत्र सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गृह विभाग संजीव मुखियाक ऊपर इनाम रखबाक प्रस्ताव मंजूर कऽ लेलक अछि। संजीव मुखिया पर नीट सहित कतेको प्रतियोगी परीक्षाक प्रश्नपत्र लीक करबाक आरोप अछि।

———————————————————————————

बंगालक खाड़ी मे बनल निम्न दबावक क्षेत्र आ एक चक्रवातीय परिसंचरणक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे थमि–थमि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि। राजधानी पटना आ लऽग–पासक भाग मे आइ तेज हवाक संग मुसलाधार वर्षा भेल अछि। राज्यक उत्तरी भाग मे पछिला दू दिन सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज मे सभ सँ बेसी एक सय सोलह दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। ओतहि, सुपौल मे एक सय दस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक संभावना अछि। अररिया, पूर्णियां, किशनगंज आ सुपौल जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, किशनगंज, अररिया, सुपौल, मधुबनी, सीतामढ़ी, शिवहर, गोपालगंज, सीवान, बक्सर, कैमूर, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारण जिला मे तेज हवाक संग मेघगर्जन आ वज्रपात के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

——————————————————————————————

एम्हर, हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे वर्षाक कारणे गहूँम आ मकई के फसिलक व्यापक क्षति भेल अछि। संगहि, आम आ लीचीक फसिल के सेहो नुकसान भेल अछि।

——————————————————————————————

चौबीसम आ अंतिम जैन तीर्थंकर भगवान महावीर के जयंती आइ देशभरि मे धार्मिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर वैशाली आ नालंदाक कुंडलपुर मे विशेष पूजा कयल गेल। ओतहि, वैशाली मे तीन दिवसीय सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

——————————————————————————————

होम्योपैथ के जन्मदाता सैमुएल हानीमैन के जयंती आइ विश्व होम्योपैथ दिवस के रूप मे मनाओल गेल अछि। बिहार मे पहिल बेर हानीमैन जयंती राजकीय समारोहक रूप मे मनाओल गेल।

——————————————————————————————

समाप्त भेल।